Dáslepki maǵlıwmatlarǵa bola, 2025-jıldıń yanvar-mart aylarında Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha jalpı aymaqlıq ónim (keyingi orınlarda - JAÓ) kólemi ámeldegi bahalarda 9 798,8 mlrd. somdı quradı hám 2024-jıldıń yanvar-mart ayları menen salıstırǵanda 4,3 % ke ósti.

JAÓ deflyator indeksi 2024-jıldıń yanvar-mart ayları bahalarına salıstırǵanda 107,2 % ti quradı.

Ózbekstan Respublikası boyınsha JAÓ niń qáliplesiwinde Qaraqalpaqstan Respublikasınıń qosqan úlesi 2,9 % ke jetti.

## 2025-jıldıń yanvar-mart aylarında Qaraqalpaqstan Respublikasında islep shıǵarılǵan jalpı aymaqlıq ónim






JAÓ ósim páti

JAÓ kólemi

JAÓ deflyator indeksi

JAÓge qosqan úlesi

## 2025-jıldıń yanvar-mart aylarında ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha JAÓ niń islep shıǵarıw kólemi hám ósim pátleri

| | Mlrd. som | | Ósim pátleri, Ótken jılǵa salıstırǵanda, % te |
|---|---|---|---|
| | 2024-jıl | 2025-jıl | |
| **I. JAÓ, jámi** | **8 758,8** | **9 798,8** | **104,3** |
| *sonnan:* | | | |
| tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı | 8 455,2 | 9 533,8 | 104,3 |
| Ónimlerge bolǵan salıqlar | 303,6 | 265,0 | 104,8 |
| **II. Tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı** | **8 455,2** | **9 533,8** | **104,3** |
| **awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı** | **890,4** | **1 026,1** | **103,9** |
| **sanaat (qurılıstı qosqan jaǵdayda)** | **2 854,4** | **3 056,1** | **103,8** |
| sanaat | 2 188,4 | 2 317,2 | 103,1 |
| qurılıs | 666,0 | 738,9 | 105,8 |
| **xızmetler** | **4 710,4** | **5 451,6** | **104,7** |
| sawda, jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler | 1 478,0 | 1 742,5 | 108,9 |
| tasıw hám saqlaw, málimleme hám baylanıs xızmetleri | 687,0 | 769,1 | 104,0 |
| basqa xızmetler | 2 545,4 | 2 940,0 | 102,5 |

Tómende keltirilgen infografikadan kórinip turǵanı sıyaqlı, xalıq jan basına esaplanǵan JAÓ 4 821,2 mıń somdı qurap hám bul kórsetkish ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 3,0 % kóbeygen.

## 2025-jıldıń yanvar-mart aylarında xalıqtıń jan basına esaplanǵan JAÓ niń kólemi

*(mıń somda)*

| | |
|---|---|
| 2024-jıl | 4 366,9 |
| 2025-jıl | 4 821,2 |

## 2025-jıldıń yanvar-mart aylarında xalıqtıń jan basına esaplanǵan JAÓ niń ósim pátleri

*(ótken jılǵa salıstırǵanda, % te)*

| | |
|---|---|
| 2024-jıl | 4,8 % |
| 2025-jıl | 3,0 % |

## Yanvar-mart aylarında ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha JAÓ niń quramı

*(jámine salıstırǵanda % te)*

| | *2024-jıl* | *2025-jıl* |
|---|---|---|
| **I. JAÓ, jámi** | **100,0** | **100,0** |
| *sonnan:* | | |
| tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı | 96,5 | 97,3 |
| ónimlerge bolǵan salıqlar | 3,5 | 2,7 |
| **II. Tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı** | **100,0** | **100,0** |
| **awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı** | **10,5** | **10,8** |
| **sanaat (qurılıstı qosqan jaǵdayda)** | **33,8** | **32,0** |
| sanaat | 25,9 | 24,3 |
| qurılıs | 7,9 | 7,7 |
| **xızmetler** | **55,7** | **57,2** |
| sawda, jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler | 17,5 | 18,3 |
| tasıw hám saqlaw, málimleme hám baylanıs xızmetleri | 8,1 | 8,1 |
| basqa xızmetler | 30,1 | 30,8 |

# JALPÍ AYMAQLÍQ ÓNIMDI ISLEP SHÍĠARÍW

2025-jıldıń yanvar-mart aylarında aymaq ekonomikasınıń barlıq tarmaqlarında jaratılǵan jalpı qosılǵan qun (JQQ) kólemi ulıwma JAÓ niń 97,3 % in, ónimlerge sap salıqlar bolsa 2,7 % in quradı.

Esabat dáwirinde awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵınıń JAÓ niń tarmaqlar boyınsha quramındaǵı úlesi 10,8 % ti, sanaat tarawı 24,3 % ti, qurılıs 7,7 % ti hám xızmetler tarawı 57,2 % ti quradı.

**Yanvar-mart aylarında ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha JAÓ quramı** *(jámine salıstırǵanda % te)*

**2024-jıl**




**2025-jıl**




*Jalpı qosılǵan qunı* *Ónimlerge bolǵan salıqlar*

JAÓ ósiwine awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı tarmaǵı 0,4 p.p. (2024-jıldıń yanvar-mart aylarında - 0,3 p.p.), sanaat tarawı – 0,8 p.p. (2024-jıldıń yanvar-mart aylarında – 1,4 p.p.), qurılıs tarawı – 0,4 p.p. (2024-jıldıń yanvar-mart aylarında - 0,8 p.p.) hám xızmet kórsetiw tarawı – 2,5 p.p. (2024-jılda – 3,1 p.p.) unamlı úles qostı.

Ónimlerge bolǵan salıqlardıń ósiwi esabına JAÓ 0,2 p.p. (2024-jıldıń yanvar-mart aylarında - 0,7 p.p.)ke kóbeygen.

## 2025-jıldıń yanvar-mart aylarında JAÓ ósiwinde tarmaqlardıń úlesi

*(jámine salıstırǵanda % te)*



# JALPÍ AYMAQLÍQ ÓNIMDI ISLEP SHÍǴARÍW

2025-jıldıń yanvar-mart aylarında JAÓ niń ósiwi aymaq ekonomikasınıń tiykarǵı tarmaqlarıdaǵı unamlı ósiw pátleri menen baylanıslı. Ósiw pátleri awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵında 103,9 % (JAÓ niń tarmaqlar boyınsha quramındaǵı úlesi – 10,8 %), sanaatta – 103,1 % (úlesi 24,3 %), qurılısta – 105,8 % (úlesi 7,7 %), xızmetler tarawında – 104,7 % ti (úlesi 57,2 %) quradı. Xızmetler tarawı quramında ósiw pátleri sawda, jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetlerde 108,9 % (úlesi 18,3 %), tasıw hám saqlaw, málimleme hám baylanıs 104,0 % (úlesi 8,1 %) xızmet kórsetiwshi basqa tarawlarda 102,5 % (úlesi 30,8 %) ten ibarat boldı.

## Yanvar-mart aylarında JAÓ niń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha ulıwma ósim pátleri

*(ótken jılǵa salıstırǵanda, % te)*

| 2024-j. | | 2025-j. |
|---|---|---|
| 6,3 % | JAÓ | 4,3 % |
| 3,5 % | Awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı | 3,9 % |
| 6,5 % | Sanaat | 3,1 % |
| 10,4 % | Qurılıs | 5,8 % |
| 5,9 % | Xızmetler | 4,7 % |

2025-jıldıń yanvar-mart aylarında JAÓ deflyatorı indeksi 2024-jıldıń yanvar-mart aylarındaǵı bahalarǵa salıstırǵanda 107,2 % ti quradı. JAÓ deflyatori indeksiniń eń joqarı kórsetkishleri sanaat taraw – 110,9 % hám xızmetler tarawında – 110,5 % ti quradı.

## Yanvar-mart aylarında JAÓ niń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha deflyator indeksi *(ótken jılǵa salıstırǵanda, % te)*

| | 2024-j. | 2025-j. |
|---|---|---|
| JAÓ | 111,4 % | 107,2 % |
| Awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı | 108,9 % | 110,9 % |
| Sanaat | 129,8 % | 102,7 % |
| Qurılıs | 108,8 % | 104,8 % |
| Xızmetler | 117,5 % | 110,5 % |

2025-jıldıń yanvar-mart aylarında kishi isbilermenliktiń kólemi 5 671,3 mlrd. somlıq bolıp *(2024-jıldıń yanvar-mart aylarında – 4 799,2 mlrd. som)*, JAÓ degi úlesi 59,5 % ti *(2024-jıldıń yanvar-mart aylarında – 56,8 %)* quradı.

Kishi isbilermenliktiń JAÓ degi úlesiniń ótken jılǵa salıstırǵanda ósiwi iri kárxanalar úlesiniń azayıwı menen baylanıslı.

## Yanvar-mart aylarında kishi isbilermenliktiń kólemi hám JAÓ degi úlesi

*(jámine salıstırǵanda % te)*



| | Kólemi, mlrd. som | Úlesi, % te |
|---|---|---|
| 2024-jıl | 4 799,2 | 56,8 % |
| 2025-jıl | 5 671,3 | 59,5 % |

